Соколёнок

# Лачен

6/2022
ноябрь – декабрь
0+
ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИГО МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ





Цӏадаса Хӏамзат

# ЦӀияб сон

Басрияб соналъул
Квер босулаго,
НуцӀида кӀутӀана
ЦӀияб лъагӀелалъ.

Сордо-къо лъикӀ гьабун,
Гьалмагъ унелъул,
Гьоболлъи бичана
ХъахӀаб чухъилалъ.

Хъвашгелди, баче квер,
Бечедаб гьобол,
Баракат, рахӀматгун
Щвараб батаги.

Тахида гӀодоб чӀа,
ГӀазизаб гьалмагъ,
ГӀазу-цӀер биаги,
ЦӀад-бакъ рекъаги!




Ма, кIудада, цIорожеро,
ЦIакъ цIодорго квине ккола,
МацIги бахъун чIикIун гуреб
ХIанчIун квине бегъуларо.

Щекъералда цIорой хъвани,
ХъегIичIого хутIуларо,
Хадуб, унтун лъугьинчIони,
Гьеб бигьаяб жо букIина.

Дий кIудада цIакъ вокьула,
ЦIорожеро босулелъул,
Дийго гIадин досиеги
БосичIого вукIунаро.

Дие гIадин, кIиго-лъабго
КIудадае бокьуларо,
БагIаридал, цо-цогIаги
КвинчIогоги вукIунаро.

Аллагь, дица босун кьураб
ЦIорожеро сабаблъун ккун,
Дир кIудадал гIумру Дуца
ТIагIамаблъун лъугьинабе.

БагIариги бигьа  гьабе,
Гьесул  гIузру сахлъизабе,
Цо-цониги нижгун цадахъ
Васандизе кумек гьабе.

# Мадина



Нижер Мадина йиго
Цодагьайго бабагъай,
Лъица щиб абуниги
Релълъун такрар гьабула.

Амма бабагъай гІадин
ЧІегьрукъалъуй чІоларо,
Рукъзабазул гІатІилъи
ГІоларого йикІуна.

Нижер Мадина цо-цо
БурутІ гІадин кІанцІола,
Ясандилаго кІанцІун,
Кийго яхун ятула.

Мадина, нодо тункун
«Дук»-илан ягъуларо,
Алъул надалда лъурдул
Раккун гьечІо жегиги.

Ай, милъирщо кинигин,
КваритІа рештІунаро,
Амма чІирчІидизени
Элдаса къун чІоларо.

Милъирщолъун йоржине
Бокьунги йикІуна ай,
КІоларо кверал хьвагІун
Гъаваялде яхъине.

Мадина гІандараклъун,
Хенезеги лъугьуна,
Хадуб, ай гьунар бугей
Кьурдухъандай яхъина?

КІудадал къалам босун
Хъвадарунги ятула,
Машгьурай шагІирциндай,
Алъул хадуй лъугьина?

Гьес хъварал кучІдуздасан,
ТІасан хІучч цІан батула,
Киназдаго рагІарай
Критикдай йикІана.

Киве валагьаниги
Алъул лъалкІал ратула:
ЛъалкІ течІого гьалъ гІумру
ГІадада биччаларо.

Махщел тІаса бищизе
Жеги алда лъаларо,
ЛъикІай бусурбанчІужу
ЙикІина, инша Аллагь!

Адабалъе гІедерай,
ГІадамазулъ рекъарай,
МагІарул гІамалберцин,
ЙикІина, инша Аллагь!

# Кинал нужего ругелали



ГIинтIа бакIав. РакIбиччарав,
Чи вукIуна квер гIатIидав,
ГIамаликъав, гIадлудакъав,
ЦIакъ мукъсанаб пикру бугев.

РакI махIсарав, хIасад бугев,
РакI тамахав. Татухварав,
Хваразулъги жеги гьечIев,
ЧIагоялъги ватуларев.

Цо-цо, рекIелъ даци бугев,
БахIарчилъи, ияхI бугев,
Бахъанщинаб гьороца жив
ГьетIаризе гьавуларев.

Гьорол хъалгIан жив тIадагьав,
ТIотIолгIанцин пайда гьечIев,
Гьавудизе ватуларев,
Кванда нахъа камуларев.

МалъичIого адабалъе
Лъидасаго цеве кколев,
Кинаб хIалтIи тIад къаниги
«Дир иш гурин» абуларев.

# ГIакъилавищ, гIантавищ?

КIудиял чагIаздасан
ГIакълу щолин рагIидал,
ГIумарил пикру ккана,
Зияраталъ вахъине.

ГIемер рикIкIаде ине
ГIумар кколев вукIинчIо,
ГIумру бихьарав херав
Мадугьалихъ вукIана.

– ГIалидада, духъ гIакълу
ГIемер бугин абула,
ГIумруялъ, къвали гIадин,
Бухъулевищ вукIарав?

Бихьун – лъалилан абун
Бицен рагIун букIана,
Бихьанщинабги босун
Нахърателищ гьабураб?

– Дир цIодорав мадугьал,
ГIемерисеб гIакълу дий,
Хваралгун гаргадиялъ
Гьезухъан щвараб буго.

ГьезгIан гъваридаб гIакълу
ЧIагояца кьоларо,
Гъазалигун вукIана
Жакъаги хабаралда.

Гьавни гIадаллъун вугин,
ГIакълуялъго тун вугин,
Виххун хутIарав ГIумар
Херасухъ валагьана.

Хварал чагIи кIалъалел
РагIунго рукIинчIилан,
КIудияв чи унтунцин
Вугодайин щаклъана.

– ГIасрабаз цере хварал
ГIакъилалгун гаргади,
Дие цIакъ бокьулеб иш
Бугин, вуго вахъунев.

Жив рогьалилъго вахъун,
Аллагьгун, Авараггун
Гара-чIварун вукIунин,
Буго тIаде жубалеб.

ТIубан гIакълуялъ тарав
ГIабдал вугин гьавилан,
ГIумар хехго гьениса
Рокъове гIедегIана.

Лъимал, херавищ гIантав,
ГIумарищ, бичIчIи гьечIев?
БетIер лъикI хIалтIулезда
ЛъикIаб жаваб батила.

# ГIАБАСИЛ ГЪАЛАТI

Анкьица къваригIелалъ
КъватIив унев инсуца,
ГIабасида тIад къана
Рукъ-бакI данде бачине.

ГIачиял-бачазеги,
ГIанкIуял-хIелказеги,
Гьел ракъизе течIого
Ригь-ригьалда квен кьезе.

Азбаралда гьведуйги
Рокъоб бугеб катийги,
Ракъизе риччачIого
Заманалда квен кьезе.

КьагIи-буртIал гъадизе
ГIемер мехалъ течIого,
Ракъун-къечон течIого
Гьезул тIалаб гьабизе.

ГIабас кIвахIалав гьечIо,
КIочон щибго толаро,
Радал цудунго вахъун
Квалквадизе лъугьуна.

Азбаралда гьведуе
БетIун гIурччинхер бала,
Мимидулеб катие
Квине цебе гIеч лъола.

ГIачи-бачаз кванай-ян,
КьотIун руссниб гьан бала,
Кваназегин гьекъезе
Росониб пиво тIола.

ТIад вуссун кIанкIуязе
КIутIизе чабах бала,
ГIечIони, бахчаялде
Хъирщаде-ян риччала.

Тамашалъи-хIикмалъи,
Киназулго завхъ буго,
ГIабасица кьураб квен
Лъицаниги кунаро.

Лъинилан ккун цо-цояз
Пивоялда кIал чIвала,
Гьелъ кIанцIезеги гьарун,
КIалагъоркье речIчIула.

ВачIун, цо мадугьалас
РитIизе гьаризегIан,
ГIабасида жиндирго
ГъалатIал ричIчIуларо.

Лъимал, мадугьал гурев,
Мун тIаде ккарав ани,
Кинаб гIакълу ГIабасий
Нужецаго кьелебан?



# КИНАН РУГЬУН ГЬАБИЛЕБ

АхIмадил махIабазда
ХIеренго лъурлъулаго,
ХIелхIедун, мимидулеб
Бугоан цо катил тIинчI.

Бакъунилан абизе,
МацIги лъалеб гьечIого,
Лъалеб  гъур-гъур бугоан
Гъарималъул рагIулеб.

АхIмадица рахьги тIун,
ТIинчI кванaзе гьабуна,
КвачIал гъорлъ ччугейилан
БичIчIиледухъ малъана.

ЛъикIаб, тIагIамаб квен кьун
Кваназабун хьихьана,
ГIомоги цебе рехун
Басандизе гьабуна.

Амма гIункIкIал кколеб куц
Кин тIанчIида малъилеб,
ГIамал кIодого ругин,
Цересан рилълъанхъилел?

Самокатазда рекIун,
Цересан хьваданиги,
ГIункIкIалгун басандизе
Катие бокьуларо.

Умумузе хирияб,
ГIонкIкIол гьан бокьулареб,
ГIантаб тIинчI батанилан,
Вуго АхIмад пашманго.

ЛъикIаб кун, лъикIаб гьекъон
Хьихьун хадуб катие,
Къо бихьун гIункIкIал кквезе
Бокьулеб букIун гьечIо.

Гьаб, АхIмадил гIайибищ,
ГIантаб тIанчIил чIухIийищ,
Пикру гьабун бицине
Лъалев чи ватуларо.

КатIил тIинчI Аллагьасго
ГIункIкI кколареб бижунищ,
Эбел гьечIеб лъимада
Лъай щолареб букIунищ?

Лъимал, босе бахIсалъе,
Бате битIараб жаваб,
АхIмадида бичIчIизе
БитIараб хIукму къотIе.

Нужер хIалбихьиялъул
БутIа АхIмадийги кье,
Катил тIинчI  гIункIкIал кквезе
Кинан ругьун гьабилеб?

# ЦIияб унти

ХIасанил баккун буго
ГIажаибаб цо унти:
Жиндаса загIипасда
Зар бачIого толареб.

Берцинго, гIодов виччан
Вилъине кIочон толеб,
КIудияз абулеб жо
РагIизе бокьулареб.

Цебе щиб батаниги,
Мал бачIого толареб,
Бекун, гъурун аниги
Ургъелцин гьабулареб.

Бигьаго абуниги,
Киназдаго рагIулеб
РагIи, гIалхулас гIадин,
ЧIичIчIилаго абулеб.

Гьасул, тIад ретIараб жо
ТIутIу-хъухъун бихьула,
Босараб цIалул къайи
Гъура-чункун рехула.

Гьасул хIатIал, лъачIого
Остолалда ратула,
Квералги, асул гурел,
Чияр гIадин, хIалтIула.

Цо нухалда дацица,
ХIасанида гьикъана:
«Гьаб дур унтиялда цIар
Кинабдай бугеб? – илан.

ТIинкIгIанцин намусалъул
Асар гьурмалъ ккечIого,
ХIасаница абуна
Дун «крутой» вугилан.

«Коронавирус» гуро,
«Крутой»-илан цIар бугеб,
ЦIияб, бахунеб унти
Баккун буго лъималалъ,

Лъихъго гIенеккулареб,
ГIакълуялъ борцунареб,
Биун, чурун, гIаданлъи
Лъималалъа лъугIулеб.

Бахунеб гьеб унтиялъ
Улбул гIодизарула,
ГIаданлъи, чилъи, намус,
Чорхолъа бачахъула,

ГIадан малъарун гьазул
ГIадамал лъугьунаро,
«Крутой»-ялъ унтарал
Аллагь, сахлъизе гьаре!

Габдула Даганов

# Иццухъ

Мухӏамад-дациги дунги, хур лъилъулел эбелги Аминатги тун, магъил гьитӏинабго сухъмахъккун иццухъе рилълъана. Цӏорол матӏулъун цӏвак-цӏвакун, бакъукь кенчӏолеб букӏана, гӏодор накабиги чӏван гьекъезе квегӏенлъиялъе кӏалтӏа кӏиго гамачӏ тӏамураб бацӏцӏадаб ва цӏорораб иццул лъим. Гьелъул гьитӏинабго хӏорида тӏасан чвахулеб лъим халатаб ва кӏичӏ-кӏичӏараб гӏарщалда релълъун, гӏодоцараб ва рекӏее панаяб асар гьабулебб аваданаб бакъанги бачунаго, жиндирго хасаб рахънисан лъарахъе нухги бахъулаго, унеб букӏана. Хьадарго галабиги тӏамулаго, дида цеве-цеве унев вукӏарав Мухӏамад-даци иццухъе щведал, руччабаз ханжу буцулеб цӏулал расагӏанги битӏараб цо кӏудияб ганчӏида, агьан гьаракьги гьабун, гӏодов чӏана. «Гьа, Загьид, хӏухь бая нилъерго баркаманалда. Кӏудиязе – нух, гьитӏиназе – лъимилан аби бугелъул, дуда хадуб гьекъелин» – абуна дидехунги вуссун гьес. Дун накабиги квералги гӏодорги чӏван, лъадал матӏуялде тӏаде къулун чӏана. Хъахӏилаб зодил гъваридалъудасан баккараб гӏадин бихьулеб букӏана дида дирго гьумер. Цинги хӏухь бараб иццул лъел цӏороялъ цӏунцӏрахинабуна лага-черх, бухӏ-бухӏизабуна кӏал-мацӏ, бадиса магӏугицин кӏанцӏизабуна. Дихъ валагьарав Мухӏамад-даци кеп щун велъана: «Салул авлахъалда къечеялъ хӏал дагьлъарав неграс гӏадин гьекъолеб бихьула, Загьид, дуца иццул лъим. Гьаб нилъедаса ине бакӏ гьечӏелъул, гӏедегӏулев щай?»

– Цинги гьесги, гӏодор накабиги чӏван, лъабго нухалда хӏухь бана лъеда. «Баркаман» абун такрарги гьабуна. Лъим гьекъон бахъиндал, Мухӏамад-даци, добго ганчӏида гӏодовги чӏун, цо жоялда тӏад ургъулев вукӏана.

Доб къо кидаго гьесдаги Аминатидаги ракӏалдаса унеб батиларин ккола. Иццухъе щванщинахъе дидаги ракӏалде щола гьеб, щай гурелъул, доб букӏана кӏудияб рохел нижеде рештӏараб къо. Тӏокӏабги кӏудияб кинабха букӏинеб, рагъда тӏагӏанилан тарав Мухӏамад-даци, партӏан тӏаде рехун вачӏиндал. Гӏумардациги вачӏинилан рукӏунаан эбелги дунги. Амма гьесул хабар къотӏана.

Мухӏамад-дацил гӏаданлъиялъул асар загьирал берал дихъ ралагьун рукӏана. Дие цо щиб бугониги бицине бокьун гуродай гьесие бугебан ккарав, дун тӏаса бер босичӏого, гьесухъ валагьун чӏана. Дун хӏасратго жиндехун вуссун вачӏиндал, гӏодовеги виччан, Мухӏамад-дацица гьикъана:



– Гъаб нилъер иццул рахъалъ биценго рагIанищ, Загьид, дуда?

– РагIичIо. Кинаб бицен, МухIамад-даци?

– НекIо гьаниб ицц букIун рагIуларо, – ян абуна гьес. – Гьеб хадуб кIанцIанилан абула. Лъаларо уябищ, гуребищали, амма некIогоялдаса гьаб нилъер тIалъиялда гIумру гьабулел рукIарал гIадамаз цоцахъе кьун гьеб бицен гьале нилъехъеги щун буго.

Данд битIун цебе бугеб нижер хурир жигаралда лъилъарулел ругел лъадуде ва дир эбелалде берги щвезабун, гIодовеги виччан, МухIамад-даци дие хабар бицине лъугьана.

– Бихьиназ жидее гIоло хвелгицин къабул гьабулеб, гIумруялъ намус бацIцIадго цIунизе кколеб лъабго жо щибали лъалищ, Загьид, дуда? – ян гьикъана гьес.

– Лъаларо, МухIамад-даци, бицани лъаларищха?

– Гьеб ккола чиясул къадруги, вижараб ракьги, рукъги.

Гьеб нилъер тIалъиялда букIун буго цо хераб, бетIералъ хIалицаго раччулел залимал, жинца дунялалда ранщинал соназул расеназе тIад бакI хутIичIел лълъурдузул бис. МугIрузул тIогьазде, кулабазде баккани чанахъабазги гьезул гьабзазги цебе къотIун хъамулеб, сардилъ щиб-щибниги кваназе жо балагьизе бахъани, бацIазги рахIат толареб, тату хвараб хIалалде ккун букIун буго гьеб. Жиб гIадамаздагIаги бичIчIилеб батилилан пикру ккараб гьелъул дагьалъги ракI бекун буго инсанасги, туманкI борхун гурони, хераб жиндир тIалаб гьабичIеб мехалъ.

Гьедин къваридго, гIумруялдаса ракIги буссун, хвелго лъикIин жиндие гьанжеян ккараб бисалда, цо кьурул нохъода бегун букIаго ракIалде щун буго жиндирго бахIараб гIумруги, гIолохъанаб мехги, согIаб къисматги...

Чундузе цебехъанлъи гьабулаго гьеб бисалъ цин щобде бахун, цинги кьурде



бахун, тохлъукьего тIад речIчIулел гьаваялъул ханзаби – цIумаздасаги, сардилъ тIаде кIанцIулел гIалхул хъантIарал жанавараздасаги, кьурабалъан харулел чанахъабаздасаги цIунулеб букIун буго жиндирго рехъен.

МугIрул тIогьазда тIад эхетунги чIун, гъобе гIодобе кIкIалахъе бер щвезабулелъул гьелъул залимал лълъурдуз накъищал хъвалел рукIун руго цIвабзазда сверухъ. Чанги цIа пирхарабила, рагъулаго данд кьабун, гьелъулги, гьелъ цIунулеб рехъада кверщел гьабизе бачIараб батIияб бисалъулги лълъурдуздаса. Цо нухалъ ккарабила ракI гурхIараб иш. Чундузул рехъалъ букIун буго гьеб бисалъул рокьи ккараб цо чанил бурутI. МугIрул тIокIкIарал иццазул матIабилъун берал кенчIолеб, тIад бижараб рас меседилаб, лълъурдул бегIераб, бохдул магьидулаб, цIурмил гIадаб роцIараб гьаракьалъул гьайбатаб букIун буго гьеб.

Къаси-къаси чундул данде руссараб, щобил мицIиралда хъван-хъвачIого зодихъе моцI баккун бачIунеб, чабхилъан беролеб иццазул чилиялда гъоркь дуниял гьапуллъизе лъугьунеб гIужалда, чанил бурутIалъе гIищкъудул цIураб керен чучулеб букIунаанила бис. Гьедин унел рукIанила сардалгун къоял. Цо маркIачIул сардилъ рештIунеб жидерго бакIалде чундузул рехъен буссунелъул, гьел рачIунеб сухъмахъалда гъоркьчIел гьабун батун буго бацIазул рехъен. Чундул гIагарлъигун, гьезда гъорлъ речIчIарал бацIаз, рихха-хочизарун, цереса-цере къотIун руго гьел. ХIинкъичIого парсахъан кIанцIарал чундузда рорчIизе кIун буго, амма бурутI кватIун ккун буго. БацIаз цебе къотIулаго, тату хвараб гьеб, магъилъ гIодоб ккун буго ва хъурмаз тIутIун бан буго...

Бис букIунаанила гьелда хадуб, борхатаб щобдеги бахун, гьудул чIвараб магъилъеги буссун, угьдулеб...

Цинги херлъидал, гIадамазги гIалхул жанаваразги хIалхьи толареб мехалъ, гьеб бачIун буго магъилъе ва гьудулалъул рухI босараб ссанда гъоркь, бухIараб хIухьелги угьун, чорхолъ хутIараб жанги данде бакIарун, жиндирго залимаб лълъар тункун буго. Гьеб лахIзаталъго бисалъ лълъар туркараб бакIалдасан къватIибе кIулкIулиялда, кIанцIун бачIун буго гьаб ицц. Гьаб букIа абейин жиндир рокьи ккараб чанил бурутIалда хадуб, чIаго бугогIан мехалъ жинца тIураб бухIараб магIуялъул нугIлъун. Цинги бис бахун буго борхатаб кьурде тIаде. ГIадамаз чIваялдасаги жанавараз тIутIун баялдасаги дир херал лугбазе гъоба кIкIалахъ хъудулеб, гьаб иццул лъимги жубалеб, гIурул карачелазулъго лъикIин ва гьелдаса мустахIикъаб хвелги букIинарин абун, кIанцIун буго гьеб кьурдаса гъоркье...

Гьеле гьеб биценин, Загьид, дида бицунеб рагIараб нилъерго иццул хIакъалъулъ...

– Унго-унгоги пашманаб ва тамашаяб бицен буго. Чундузулги рокьи букIунебищ, МухIамад-даци?

– БукIунеб батила, Загьид, гуребани ицц нилъее хазиналъун лъугьинаанищ? Рилълъа гьанже, нилъехъ къазе гулал ралагьун ратила. Хадурги рилъина нилъ гьанире, – янги абун тIаде вахъана МухIамад-даци.



Паишат Малачиева

# Пастlабазул нигlматазул къец



## Пер

– Тlеренаб тlингъилъ жемун,
Жаниб чlун букlаниги,
Тlаса гьеб бахъулелъул
Берал нужер рухlулеб.
Кванил тату цlикlкlунеб,
Жалги карги гlурччинаб,
Пилпилалъ гlадин, нужер
Кlал бухl-бухlун, хlанчlолеб,
Витаминал гlемераб,
Гlажаибаб перин дун!



## Ламадур

– Дир гlадаб берцинаб кьер,
Цонигиязул бугищ?
Дунги гьоркьоб гьечlони,
Гьечlо кванида дангъва.



## ЧlакlултIан

– ЧlакlултIаналъул чакар
Чайдалъги къваригlуна.
Натlухl-бахъухъалъеги
Гьуинлъи гьелъ жубала.
Жибго белъун кваниги,
Кигlан цlакъаб букlунеб,
Бугебщинаб дир пайда
Нужецаго халгъабе!



## Гъаран

Гъармил махl гъорлъ гьечlеб квен
Кинабгlаги букlунеб,
Киналго богогьабаз

Берцинлъиялъе лъолеб,
Дун камураб столги
ЦогIаги букIунареб!
Цойги дир тIокIлъи лъазе
Тохтурзабазда цIехе.

## БагIаргьоло



– БагIаргьалил тIегьалъги
ПастIан берцин гьабула,
Мочу жаниб цIурабго
Чурпадуйги бетIула.

## ЧIегIергьоло



БарщичIеб чIегIергьоло
ГIурччингоги кванала,
Ролъгун, цIоросаролъгун
Могьолъеги жубала.
МагIарухъго машгьураб
Гьалил гIатIайги ххуна,
ХинкIазулъги рекъола,
ЦIакъаб нигIматги ккола.

## Хъабахъ



– Хъабхъилъ цIурачадазде
Чангиязул хьул лъола.
ХъабхъихинкIалъги лъола,
Белъунги дун кванала.
Лълъим бахъун гьекъаниги
ЦIакъаб дарулъун ккола.
Киназулго гIадинаб
Пайда дирги букIуна.

# Малла Насрудиница

## ХIАМУЛ РИКЬАРАБ КУЦ



Цо нухалда диванбегасухъе вачIанила лъабго дагIбадулав. Гьев балъасго цадахъ базаралдаса бичун босун буго анцIила анкьго хIама. Гьезул цояс кьун буго тIолго гIарцул бащдаб къадар, кIиабилес кьун буго тIолго гIарцул лъабил бутIа, лъабабилес кьун буго тIолго гIарцул ичIго бутIа гьабун цо бутIа. Гьанже гьезие къваригIун буго жидеца кьураб гIарцуда рекъон, ричун росарал хIамул жидедаго гьоркьор рикьизе. Жалго лъугьун гьезухъа кинго бажарун гьечIо гьел рикьун. Цинги гьал рачIун руго диванбегасухъе.

Гьев цIакъ гIемер ургъанила битIараб къагIидаялъ гьезда гьоркьор хIамул рикьизе, амма гьесухъаги кинго бажаричIила.

Гьединаб цо жиндихъаго бажарулареб иш тIаде бачIараб мехалъ, кумекалъе Мала Насрудин ахIулеб гIадат букIанила диванбегасул. Гьанжесалаги, хадув чиги витIун, Малла Насрудин ахIанила хIамул рикьизе.

РекIун жиндирго хIамидагун, гIемераб мех балалде Малла Насрудин тIаде щванила. ДагIбадулазухъги гIенеккун, Малла Насрудиница гьикъанила гьезда:

– Нужее кин рикьизе рокьун ругел гьел хIамул? – илан.

Нижее бокьун буго, нижеца кьураб гIарцуда рекъон, щивасе кколел хIамул щвезе, цо хIама кIибикьизеги бегьилaро, – ян абунила гьез.

– Рилълъа, гьел хIамул кир ругелали дида рихьизаре, дица рикьила гьел щивасе чан-чан кколеб батаниги, букIине кколеб куцалда, – ян абунила Малла Насрудиница.

Гьениса рилълъун хIамузда аскIоре щваралго, дагIбадулезул анцIила анкьго хIамида гьоркьобе анцIила микьго гIезе жиндирго хераб хIамаги биччан, хIамул рикьизе лъугьанила Малла Насрудин.

– Ле, Малла Насрудин, дурго хераб хIамаги гьоркьобе ккезабун гьел рикьизе гуро мун ахIун вугев. Дур хIама нижее хIажат гьечIо, нижее нижералго ругони гIела, – ян ахIданила дагIбадулел.

– Нужеда ракIалде ккоге дун гIадаллъун вугилан. Дун гIадаллъун гьечIо. Нужеца дагьаб мехалъ сабру гьабе, дица нужее кколесе кколелгIан хIамулги кьела, ахиралда дирго хIама диегоги тела, – ян абунила Малла Насрудиница.

Хадуб гьес тIоцевесев дагIбадуласда гьикъанила:

– Кинабго гIарцул бащдаб дуцайищ кьураб?

– У, дица кьуна, – ян абунила гьес.

ХIамузда гьоркьоса ичIго хIама батIаги гьабун, Малла Насрудиница гьесда абунила:

– Гьале гьаб ичIабго хIама дур ккола, раче дурго хIамул.

Хадуб Малла Насрудиница кIиабилесда гьикъанила:

– ХIамузухъ кьураб кинабго гIарцул лъабго бутIа гьабун, цо бутIа дуца гурищ кьураб?

– У.

– У батани, дуе ккола анлъго хIама, баче гьаниса анлъго хIамаги, мунги паракъалъе.

Ахиралда лъабабилев дагIбадуласда гьикъанила Малла Насрудиница:

– Дуца кинабниги гIарцул ичIго бутIа гьабун цо бутIа гурищ кьураб? АнцIила микьгоялдаса гьеб ккола кIиго. Дуеги ккола кIиго хIама. БитIун гьечIищ?

– БитIун буго.

– БитIун батани, баче дурго кIиябго хIама. Гьанже гьаб хутIараб цо хIама буго дирго хераб хIама, – янги абун гьезие къолъикIги гьабун, жиндирго хIамидаги рекIун, гьевги анила рокъове.

# Мали бичулев



Мала Насрудинил мадугьаласул букIун буго лъикIаб пихъил ах, амма пайда щиб, гьев цIакъ барахщарав чи вукIун вуго, ахида сверун борхатаб къедги букIун буго. Мадугьал рокъов гьечIеб гIадаб заманги балагьун, Малла Насрудиница хIукму гьабун буго пихъ квине гьесул ахикье лъугьине.

Жиндирго малиги чIван, ахикье лъугьун вуго гьев, цинги хадуб малиги цо борхатаб гъотIода базабун, гьеб гъотIодаса пихъ кунев вукIун вуго.

ТIаде вачIун вуго ахил бетIергьан. Гьес абун буго:

– Мадугьал, дуца гьаниб гьабулеб щиб? – абун.

– Бецавги гьечIелъул, бихьуларогойищ бугеб дуда! – ян ахIданила Малла Насрудин. – Дун гьаниве мали бичизе вачIун вукIана.

– Малал ричулеб бакIищ гьаб дуе бугеб? – абун кIалъанила ахихъан.

– Босулев чи вугони, бокьараб бакIалда бегьула мали бичизе, – ян абунила Малла Насрудиница.

# ЩудукIай



ЩудукIалъул рукIун руго щуго яс. Гьелги рокъор тун, цо къоялъ къваригIелалъ унеб мехалъ, гьелда дандчIван буго бацI. БацIица гьелда гьарун буго, жив гIагарав чи хвараб бакIалде зигара базе унеб бугин, жиндир сугърал партал дуцаги ретIун, гьеб дур дарайдул ретIел жиндихъе кьейилан. Кьун буго ЩудукIалъ гьелъухъе дарайдул ретIел, жинцагойин абуни бацIидаса бахъараб цIакил партал ретIун буго.

Цинги гьениса бацI ун буго ЩудукIалъул лъималазухъе ва нуцIа ричIеян ахIун буго. КIудияй ясалъ абун буго:

*Рищни ххалеб хадиро,*
*Хараб цIалкIулеб цIалкIу,*
*Нижер эбел мун гуро,*
*НуцIа дуй ричIиларо.*

Бищун гьитIинай яс гIодун йиго, гьей нилъер эбел йигин, ретIараб дарайдул гурдеги эбелалъул бугин, жание йиччаян. Кинго гьей гIодун чIечIого, биччан буго бацI жанибе. Лъималаз, бацI букIин лъалаб мехалъ, гьарун руго бацIие – тIорччол хинкIал, жидеего – тIатIул хинкIал. Кваналаго бацIица гьикъун буго, гьал нужер хинкIазул гъванси щибин абун. Гьединги абулаго, бищун гьитIинай ясалда цебеса босун буго хинкI. Жибго гуккараблъи лъан, ццин бахъараб бацIица киналго тIатIулъ хинкIалги кванан, цо яс кIкIуйдул тIалаялъуй къазаюн йиго, цояй гъанситоялъул гьитIинаб картIиний къазаюн йиго, цогидал царгъида гъоркь, гьединго царгъида нахъа къазарун руго.

Цинги бацI ЩудукIай ячIунеб нухда бегун чIун буго. ЯчIун йиго ЩудукIай

тIаде, бацIилгун парталги хисун, рокъое йилълъун йиго. Жиндирго рукъалъул нуцIил кIалтIе щвараб мехалъ, ахIдон йиго ЩудукIай: «ЩудукIалъул щуго яс, нуцIа ричIе, дир лъимал!» – абун. Ясаз абун буго: «Рищни ххалеб хадиро, Хараб цIалкIулеб цIалкIу», кинин жидеца нуцIа ричIилеб, бацIица жал рахърахъалда къазарун ругин.

ЩудукIай гIощтIоца нуцIаги бекун, жание лъугьун йиго, жиндирго лъималги бацIица къазарурал бакIаздаса рахъун руго. КIигоял гьелда хун ратун руго. Гьелги цере лъун, ЩудукIайги хутIаралги ясалги гIодулел рукIараб мехалъ, тIаде бачIун буго цо цер. Щиб гьезие лъугьарабилан гьикъун буго цараца. ЩудукIалъ бицун буго бацIица гьадин хвезарун ругин жиндир лъималин.

ХIилла цIикIкIараб цараца абун буго жинда лъалин бацIие гьабулеб жойилан. Гьелъ абун буго: «Дун бацIги бачун хъещтIезе ина, гьелда абила мун, бахIарчи, цебе хъещтIеян, дун хадуб хъещтIелин. БацI гьениб квачан цIорозе буго. Гьеб мехалъ дица ахIила: «Гьадил рахал, махил хIубал, хекко, ЩудукIай, ячIа!» – ян.

Гьедин, цараца абухъе, гьабизеги гьабунила. ЩудукIалъги цараца-ги бацIги чIванила.





# ТӀабигӀаталъул хӀикмалъаби

# КЬИЛИМЕГӀЕР

Свак гьечӀого хӀалтӀулел тӀабигӀаталъул квераз гӀуцӀарал, хӀикматал, берцинал бакӀаздад гьоркьобе уна Гъуниб ва Шамил районазул гӀорхъода бугеб КьилимегӀерги. Цоги мугӀруздаса батӀа тӀун чӀараб, тӀаса гӀодобе пахруго балагьун бугилан кколеб гьеб борхалъиялъги хассаб асар гьабула инсанасул рекӀее.

КьилимегӀералъул кьурул рагӀалдаги чӀун ралагьани огъохъатинир лъуралгӀан гӀагарда ругин ккола Хунзахъ, Шамил ва Гъуниб районазул гӀемерисел росаби. Гьенисан рихьула мугӀрузулаб Дагъистаналъул киналго районазул ракьал. ТӀад накӀкӀ лъун гьечӀони Каспи ралъдада тӀад лъедолел гуми рихьулин дурнабаз балагьани гьенисанин абула. Бицуна, КьилимегӀералъул кьватӀелалъуре лъугьани, гьелда сверухъ бугеб гьаваялъул бацӀцӀалъиялъ цӀвабицин рихьулин роцӀараб къоялъ. Гьайгьай, гьеб кинабго бихьизе ккани цин КьилимагӀарде рахине ккола. Гьебин абуни бигьаяб иш гуро. МегӀералъул тӀогьиб буго 100-150 метра борхалъиялъул кьуру. АхтачӀого, палхачӀого гьеб нух бахине бигьаяб ва щивасухъа бажарулеб жо гуро. Кьуруялъ сверун ккураб, гьединлъидал рахине захӀматаб бутӀаялде гъамасилан абула. Гьенире щун руссаразда гьикъула:

– КьилимагӀарде ваханищ?

– Вахана.

– ГъанситӀеги вахаравищ?

– Вахана.

– Бихьинчи!

КъедгӀан битӀараб кьуруги гӀанлъун гӀадамаз цӀакъ некӀо заманалдаго нух гьабун буго КьилимегӀералъул гъанси-





да тIаде. 30-40 сантиметра гурони гьечIо гьелъул гIеблъиялда. Сухъмахъалъул цо бутIа буго тIаде кьуру бегиялъ гIодор хъаталги чIван хъурщизе кколеб. Аллагьас цIунигиха ахалъуде бер щвезе. Гъамас жинда тIад лъураб мегIерги буго бахъун чIарабгIан лабараб. Гьединлъидал ахалъуде бер рехидал бетIер сверичIого, хIатIал сорочIого рукIине ракI букIине ккола цIакъго къвакIараб. Гьедин букIаниги сверухъ ругел ТIелекь, Гъогъолъ, Гьонода, КIуяда ва цогидал росабалъа гIадамал гIемер щола гъансил тIогьире, тIабигIаталъул берцинлъи бихьизе, гьелъул кеп босизе.

Гьедин хIинкъараб нухги нахъа тун, тIаде рахиндал дагьалги цIодорго рукIине ккола. МегIералъул тIалъи битIараб букIаниги, харица рацарал кьурул кьватIелал ратула гьенир. Рортизе бегьула гьезда жанире.

Гъансида тIад, тIалъиялъул бакьулъ кьуру бикIун гьабураб кIудияб гургинаб гвенд батула. Гьеб гвенд бакьулъ кьурулъа тIаде беролеб буго гIансигIан цIорораб иццу. Ургъизе бачIуна гьеб борхалъиялде бахунеб лъадал хIалкIолъиялда тIад. КьилимегIералъул тIогьиб, гъансил бакъбаккул рахъалда букIун буго некIсияб мажгит. Гьанже гьеб чIунтун батула. ЧIунтелазда жаниб хер бижун буго. Дагьабги бакъбаккудехун, битIахъе гъансил рагIалда буго макказул нохъо. Нохъоде ракIарун рукIуна гIемерал маккалги цогидал роржунел жалги. Бицине захIматаб хIикматаб асар лъугьуна гьеб борхалъуде рахаразул ракIазулъе.

Цебе заманалда КьилимегIер рикIкIунаан хириял бакIаздаса цояблъун. Божулалан гьелъул тIогьиб будалааз гIумру гьабулеб бугин абураб хабаралда. Доб нилъеца бицен гьабураб иццухъе рачIарал будалаазул гIисинал гIицIал хIатIаз кьурда тIад лъурал лъалкIал рихьарал чагIиги ккун ругин абулаан.

Сверухъ ругел росабазул гІадамал гІемер рахуна КьилимегІералде цІад гьаризе. Гьениб гьабураб дугІаги садакъаги къабулаб букІунин тола.

Дагьал гьечІо халкъияб творчествоялда ва магІарул поэзиялда КьилимегІералъул берцинлъиялъул, гьелъул тІабигІаталъул согІлъиялъул бицунел кучІдул, харбал ва маргьаби. Гьеб борхалъиялде рахарал хундерил гІолохъабазе ЦІадаса ХІамзатица хъвараб кочІолъ руго гьадинал мухъал:

*...ГІасияб кьуруги, кьерхараб къоги,*
*КъагІидаго гьечІеб сурат букІана.*
*ЦІум хІулулеб гІадин балеб гІазуги, -*
*ГІемерго хІинкъараб къо данде чІвана.*

*Пайда щиб цо нижер кьер бихьичІелъул*
*Кьурулъан даладаб рахас гІадинан.*
*Цевехун вугесул хІетІе тарани,*
*Нахъе харбие чи хутІилароан...*

ХІамзатил Расулица бицунаан:

«Дунялалда бищунго берцинаб бакІ бихьизе къватІиве вахъун вуго цо ханасул вас. Ракьги сверун, ракІ рекъараб бакІги батичІого вачІунев гьесда хундерил тІалъи бихьун буго. Гьес чу лъалхъизабун буго. Живго хІикмалъун, тамашалъун, хаган хутІун вуго. ТІокІав цевехун ине хІужат гІун гьечІо магІарул тІабигІаталъул берцинлъиялъ асир гьавурав рекІарасулги гьев тІад рекІараб гучаб чуялъулги. Гьел чІаралъур хутІун руго ва КьилимегІералде сверун руго».

*КьилимегІералъул тІогьив вахана,*
*ТІохдасан гІадинан гІодов къулана.*
*Къуватаб АваргІор тІеренлъараб куц*
*ТІезе къачІадулеб чІоло кинигин.*

Гьедин байбихьула цоги магІарул сарин. Гьел гІемер руго ва гІемерлъизе руго КьилимегІералъул кІодолъиялде, согІаб берцинлъиялде, пахруяб борхалъиялде хъварал кучІдулги, гьелдехун бугеб хасаб рокьиги.

**Ибрагьимхалил МухІамадов,**
**географиялъул гІалимчи.**



# Лаюса

Каримула ХIасанов

МагIарда бакъ – Лаюса,
Щобда моцI мун – Лаюса,
КIудадал мун – берзул нур,
КIодол рухI мун – Лаюса!

Рилъин чанил гIадинаб,
ЧIурканлъи буртIил гIадаб,
Киназего йокьулей
КьегIер йиго Лаюса.

Садикалде унелъул
Гали берцин – Лаюса,
Ясалазда гьоркьойги
Меседо мун – Лаюса.

Харилъе тIегь – Лаюса,
ТIогьоде най – Лаюса,
Балагьун гIорцIуларей
Яс мун нижер – Лаюса.

МухIаммадгун щагъадун,
Хадижатгун къацандун
Лъиего къуркьуларей
Заз йиго мун, Лаюса.

Берал дур щакъи гIадал
Килщал дур къалмал гIадал,
ГIамалалъул бицунги
Пайда гьечIо, Лаюса.

Ясли-садикалда мун
ТIогьол квацIи, Лаюса.
Йихьаразда гурони
ЙичIчIуларей, Лаюса.

Мун хехго кIудай гIеги,
КIудада чIаго тайги,
КIодоэбел хьихьизе
Нусго сон дуца байги!



# ШКОЛАЗДАСА ХАРБАЛ







**БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГIОРТIАКОЛО РОСДАЛ ШКОЛАЛДА ТIОРИТIАРАЛ БАТIИ-БАТIИЯЛ ТАДБИРАЗДАСА СУРАТАЛ**


















РАХЬДАЛ МАЦI– ХАЗИНА.
ГЬЕЧIОНИ, ГЬЕЧIО ХАЛКЪ

ДИР ХЪИЗАН
ДИР ВАТIАН

МАМА



МацI ГЬЕЧIОНИ

ГЬЕЧIО МИЛЛАТ
НИЛЪЕР МАЦI– ХАЗИНА.

# Динияб гІумруялдаса

## Нилъер церехъаби

Европаялдеги Азиялдеги унеб Босфоралъул рикьи цІакъ берцинаб буго. Мармаралъулги ЧІегІерабги ралъад цолъулеб гьеб бакІалдасан щибаб къоялъ нус-нус гама сапаралъ бахъуна. Гьелъул гъварилъи бакІ-бакІалдасан батІи-батІияб буго. Цо-цо гуми хьвадулел бакІал гьенир цІакъго хІинкъи бугелги руго. Хасго цІодорго рачине ккола танкералги, юк баччулел гумиги, гІадамал рекІунел чІахІиял лайнералги. Балагьалде ккунгутІизе ва хІарщулъ къангутІизелъун ралъдал гумузул капитаназ жидедаго цадахъ лоцманалги рачуна. Лоцманазул нухмалъиялдалъун Босфоралъул ралъдалъан гуми низамалда рачуна.

Ракьалда гІумруги рикІкІине бегьула гамида релълъараблъун. ГІадамалги гьеб гамиде рухІазул дунялалдаса рачІарал ва Ахираталде унел руго. Нилъ капитаналлъун рукІаралани, ва Босфоралъул ралъдалъан хІинкъигьечІолъи букІинабизелъун, нилъецаги лоцманал цадахъ рачине рукІун ратила. Гьайбатаб гІумруги гьабизе Алжанги насиблъизе ккани, гьединго ЖужахІалдаса цІунизелъун, нилъ хІажаталлъун кколел руго лоцманазул кумекалде. Аваргзаби ккола нилъер нухмалъулел, гьеб ишалде, нилъее кумекалъе Аллагьас Жинцаго тІамурал.

Инсан вижун вуго Аллагьасе гІибадат гьабизе ва Гьев разилъуледухъ хьвадизе гІоло. Гьаб дунялалда инсанас хІаракат бахъизе ккола щайтІангун къеркьезеги, къваригІел гьечІел ишал ккезе риччангутІизеги, мисалалъе, гьереси, къарумлъи, дагІба-рагІи, рагъкьал гІадал диналъ гьукъарал гІамалал гьарунгутІизе. Гьеб захІматаб къеркьеялъулъ Аллагьас нилъ тІалаб гьечІого тун гьечІо. Аллагьас нилъеда битІараб нухги бихьизабун буго, гІакълуги кьун буго. Гьеб гуребги, Аллагьас гІадамазда гьоркьоса церехъабилъун аварагзабиги ритІун, гьезул мисалалда нилъеца гІумру гьабизе кколеблъиги лъазабун буго, битІараб нух бищаразе кумекги гьабулеб буго.

**«Дир гьайбатаб дин-ислам»**
**абураб тІехьалдаса.**

# Лаченалъул дарсида

## Авар мацI

Церехун лъурал хIарпазде тIаде тIанкI рикIкIун цо-цо цIиял хIарпалги журан, васасул цIар лъугьинабе. Васасул цIаралъул ахиралда лъезе ратарал хIарпалги байбихьуда лъун, тIанкIал рахун хадур ругелги журан, ясалъул цIар лъугьинабе.

**Васазулги ясазулги цIарал:**

**МухIа(...) инат**
**ГIу(...) жанат**
**ГIи(...) лимат**
**Му(...) пият**
**Мир(...) гърат**
**АхI(...) ихIат**
**Пахру(...) ара**
**Хун(...) ина**

## Чед цIуне



Дунялалда бищунго учузаб чед нилъер тукабазда бугилан рикIкIуна. Амма гьеб учузаб чадие гIоло миллионал гIадамаз гIетIги тIезе ккола, кIудияб захIматги кьезе ккола.

Ролъул цо мугьалъул цIайи букIуна гьоркьохъеб хIисабалда 45 мг. Лъабазарго гектар гIатIилъи бугел хурзабазул щибаб квадратияб метралда цо-цо мугь гъоркь тани, гьеб бахуна I тоннаги 350 килограммалде. ГьедигIанаб ролъул I т. 505 кг. чадил бежизе бегьула.

Чадил къимат гьабизе ккола. Улкаялда щивав чияс къойил 20 грамм чадил гIодобе рехани, лъагIалие гьеб бахуна 2 миллион тоннаялде.

Ролъул цо мугь! 20 грамм чадил! Улкаялъе гьеб цIакъ хираго чIола! Чадил гьарзалъи букIине ккани, щибаб мугь ролъулги щибаб грамм чадилги къимат гьабизе ккола.

ГIадамаз абула:

ТIоралда тIор лъуни, гул лъугьунилан.

***

Ролъул мугь жавгьаралдасаги къиматаб букIуна.

# ЛЪИМАЛАЗЕ ГІАРЦУЛ ХІАКЪАЛЪУЛЪ




Къецалъул хIасилал гьарула 25 ноябралда.

Амма гьанжелдего гIисинал хъвадарулез ва журналистаз, Дагъистаналъул «Орленок» газеталъул корреспондентаз загьир гьабуна гьеб рахъалде ва цоги-цоги махщел-гьунаралде жидерго бугеб бербалагьи. Бицана кинал сочинениял, маргьабиб ва харбал жидецаго къецалда гIахьаллъулаго хIадурараляли.

Расул ХIамзатовасул литературияб музеялда гIисинал хъвадарулелги цIалдолелги данделъула ва батIи-батIиял суалал рорхула. Гьабнухалъ гургинаб столалда нахъа Дагъистаналъул Миллияб банкалъги «Лачен» журналалъги цадахъ лъазабун букIараб къецалъул гIахьалчагIи данде гьаруна гьенир. Гьелда цIарги букIана «Финансазул азбука» абун. Гьелъул мурадлъунги букIана лъимал гьеб рахъалъ лъайбугеллъун лъугьин.

Гьединаб къец тIобитIула кIиго бутIаялъул:

1. «Финансазул маргьуяб дунялалде сапар» абураб сочинение хъвазе ккола.

2. Сураттал рахъизе ккола «Волшебная копилка» абураб темаялда данде ккезарун.

Гьелъ рес кьола лъималазул махщел-гьунар къватIибе загьир гьабизе ва финансазулгун гьезул лъай-хъвай гьабизе.

ГIурус ва лъарагI мацIалъ къватIире риччалел лъималазул журналазул редакторзаби Марина АхIмадовалъ ва Шейит-Ханум Алишевалъ баркала загьир гьабуна Дагъистан Республикаялъул Миллияб банкалъул, «Орленок-Дагъистан» газеталъул вакилзабазе ва гьединаб гIадатияб гуреб творческияб къецалда гIахьаллъарал лъималазе.

**ХIадур гьабуна М.ГIумаровалъ.**



# КРОШГИ ГРОШГИ

## ГІарац лъица ургъараб



**«Смешарики» мульфильмалъул героял Крошицаги ГІужрукъицаги лъималазе гІемерал гІажаибал жал рицуна.**

**Крош.** Салам! Нужеда цебе буго Крош. Жакъа дида цадахъ йиго Надя Грошеваги ва нижеца нужее бицана гІарцул хІакъалъулъ, яги, чІахІияз абухъе, финансазул хІакъалъулъ.

**Надя.** Салам, Крош. Салам, лъимал! Лъай-хъвай гъабизе щвеялдаса йохарай йиго.

**Крош.** Нижеда цадахъ гьединго дир гьудул ГІужрукъги буго.

**ГІужрукъ.** РорчІами, гьудулзаби!

**Крош.** Гьаха, ГІужрукъ, бицея цо, гІарцул рахъ дуе кинаб букІаниги къварилъи бугищали.

**ГІужрукъ.** Дие гьелъул рахъалъ кинабгІаги къварилъи гьечІо. Финансалги дир гьезего гьечІо.

**Надя.** Нужеда лъалаанищха, финансал, яги гІарац цебего букІинего букІинчІеблъи? Банкалъул картабиги, кагътил гІарацги, гІисингІарацги букІараб жого гуро.

**Крош.** Уйила дуе. Сундухъа цинги къваригІа-тараб босулеб букІараб?

**Надя.** Щиб-щибниги жоялъухъ хисунха. Мисалалъе, дуе ламадур къваригІун бугони, гьебги Капатычил бугони, гьелъие гьоцІо бокьун бугони, гьебги дур бугони, цоцазе хисулаан.

**Крош.** Диеги гьедин бокьилаан. Щайха гьанже гьедин гьабулареб?

**Надя.** ГьабсагІат бичІчІизабила. ГьоцІо Капатычие гуреб, Пиние бокьун бугони, гьелъ ламадур гуреб, цоги жиндирго бугеб жоялъухъ хисилаан гьеб. Мисалалъе – хІалтІул тІагІалабазухъха.

**Крош.** Дие хІалтІул тІагІалабиго щай къваригІарал. Дие ламадур къваригІун буго.

**Надя.** Бихьулищха, хиса-баси кидаго гурелъул данде кколеб. ГІадамазда гьеб бичІчІана ва щиб босизе къваригІаниги гьелъухъ кьезе данде кколеб жо ургъана.

**ГІужрукъ.** Цинги гІарац ургъун батилаха.

**Надя.** БитІараб буго. Амма гІарац тІоцебе гьанже гІадаб гуребха букІараб. Австралиялда гьелъул бакІалда гьулимаргъал букІана. ЦІияб Зеландиялда – къиматал чІинхал рукІана, Югалъул Африкалда – какаоялъул мугъал, цогидал улкабазда гІарцул бакІалда пиринчІ, цІам, жеги хІайваналгицин – гІачи, чахъаби, чуялгицин хисулел рукІана, щиб босизе къваригІаниги.

**Крош.** Цебе чІезабеха дуцаго, тукаде бумажникгун гурел, гІака бачун унел!

**Надя.** Уха, гьудулзаби, гьедин гьабиялдаса, гьанжего лъикІ гьечІищха. Гьединлъидал гІадамал жеги ургъана-ургъана, цинги гІисингІарац бахъана. ГІакаялъ кколеб бакІалдаса гІисингІарацалъ гьитІинаб бурони бакІ ккveларелъул. Гьеб кибего босизе санагІат рекъарабги холаребги бугелъул.

**Крош.** Гьеб берцинабги букІуна. Дирги буго дагьабго гІисингІарац.

**ГІужрукъ.** Щайха цинги гІисингІарацги букІаго кагътил гІарацги ургъараб?

**Надя.** ЧІахІияб дарам гьабулеб бугони гьеб хІажалъизе буго. Дуца ламадур босулеб бугони, дуе гІисингІарац гІезе буго. ТІубараб хъап цІун босизе ккани, баччизе кІолареб гІисингІарац хІажалъизе буго. Гьеб бажаризеги букІинчІо. Кагътил гІарац кодоб босизе санагІатабги тІадагьабги букІинарищха.

**ГІужрукъ.** Гьелдасаги санагІат буго банкалъул картаялдалъун гІарац битІулеб къагІида! Гьелъул хІакъалъулъ дида Лосяшица бицана.

**Надя.** БитІараб буго. Гьелъул хІакъалъулъ нилъеца хадубги бицина.

**Крош.** Гьа, дие кваназе бокьун буго. Ламадур букІингІаги лъикІ буго. Ма, ГІужрукъ, дуего ламадур. Дие гьелъухъ хисун щибниги кьезе ккеларо. Гьеб гьадинго, чІобого кьолеб буго.

**ГІужрукъ.** Баркала, Крош. Баркала, Надя. Бицарабщиналъ дие цІакъ лъикІаб асар гьабуна.

**Надя.** Нахъе-нахъеги рачІа, дица нужее гІеме-гІемераб жо бицина. Нужецаги, лъимал, Смешариказгун цадахъ лъугьун, финансазул рахъалъ лъай бугеллъун рукІине хІаракат бахъе!

# ГIАКЪЛАБАЗУЛ КЪУЛГIАЯЛДАСА

***

Гьерсидаги бугьтаналдаги божиялъ гIемеразул гьудуллъиги бихханa, гIемерал минабиги чIунтIана.

***

Жиндиего гIоло гIумру гьабулев чиясул гIумру унго-унгояблъун кколаро.

***

ЛъикIаб рагIи лъукъараб ракIалъе дарулъула.

***

РитIухъавлъун вукIине бокьун батани, ритIухъал гьудулзабиги рукIине ккола.

***

Къварилъиялде ккарав гьудул рехун тоге.

***

Мунго ццидалъ вугониги, гьудуласул балъголъи тIатинабуге.

***

Тушманлъиялде ккани, гьудулги тушманасдаса ватIавахъизе лъаларо.

***

Ццидада тIад чангит базе кIолев чияс киданиги гIантал ишал гьаруларо.

***

ЧIахIиял ишал гьаре, чIахIиял къотIаби гьаруге.

***

РуцIцIун чIа, яги руцIцIун чIеялдасаги лъикIаб рагIи абе.

***

Нужерго лъималазул магIу цIуне, нужерго хабада тIезе батизе.

***

Мунго нечезе кколеб жо чияда цебеги балъгоги ккезе биччаге. Бищунго цебе дуцаго дурго адаб цIуне.


Соколёнок

ISSN№0203 – 3682

Лачен

6/2022

ноябрь – декабрь

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Агентство информации и печати
Республики Дагестан.

**Регистрационный номер**
серия ПИ №ТУ05-00413 от 22.04.2019 г.
выдан управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
М.М. Ахмедов

**Редколлегия:**
М. Ахмедов
М. Магомедов
К. Магомедов
А. Малачиева **(редактор выпуска)**
М. Абдулхалимов
Г. Хабибов

**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художник номера** М. Муталлибов
На обложке рисунок Магомедовой Айшат, «Мой дедушка», г. Махачкала, Детская художественная школа.

Формат 60x84 1/8. Бумага офсетная.
Уч.-изд. л. 3,08. Усл. печ. л. 3,26.
Физ. печ. л. 3,50.

Подписано в печать 01.12.2022 г.
Тираж 932 экз. Заказ № 1310.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс-пресс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан».
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год – 63277,
на полугодие – ПМ999.

Цена свободная.